# Qaraqalpaqstan Respublikasında júzimgershilikti rawajlandırıw boyınsha sistemalı jumıslar ámelge asırılmaqta

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesinde júzimgershilikti rawajlandırıw boyınsha bir qatar taraw xızmetkerleri qatnasında májilis bolıp ótti. Oǵan Oliy Majlis Senatınıń agrar hám suw xojalıǵı máseleleri boyınsha komitet baslıǵı Baxadir Tajiev, Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı Daryabay  Kaypov, Alkogol hám temeki bazarın tártipke salıw hám vinoshılıqtı rawajlandırıw agentliginen sonıń menen birge bir qatar juwapkerler qatnastı.

Image not found or type unknown

Atap ótilgenindey júzimgershilikti rawajlandırıwda klaster sisteması engiziw, tarawǵa aldıńǵı texnologiyalardı tartıwdı mámleket tárepinen qollap-quwatlawdıń qosımsha is-ilájları haqqındaǵı Prezident qararına muwapıq Qaraqalpaqstanda júzimgershilikke qánigelestirilgen Ellikqala hám Nókis rayonlarında 2022-jılda jámi  6 mıń gektar júzim egiw rejelestirilgen. Bul maydanlarda júzimgershilikti rawajlandırıw ushın jámi 7 million 500 mıń dana júzim nálleri talap etiletuǵın bolıp, búgingi kúnde bahası 24 milliard so'mlıq 5 million dana nálge shártnamalar dúzilgen.
Bul islerdiń nátiyjesinde 33 mıńnan aslam puqaralardıń bántligin támiyinlew kútilmekte.

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti